



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 20 septanm 2013

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON KONSEYE ESPEYAL POU INISYATIV OPEN DATA**

***Andrew Nicklin pral vinn Direktè Open NY***

***Pwofèsè James Hendler pral vin Konseye Open Data Eta a***

***Doktè Theresa Pardo pral vin Konseye Politik Open NY Eta a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Andrew Nicklin, Doktè James Hendler, ak Doktè Theresa Pardo, twa espè nan amelyorasyon transparans goudenman atravè teknoloji, pral entegre ekip Open NY la pou ede nan efò Eta a pou l amelyore pèfòmans goudenman epi ogmante angajman sitwayen. Andrew Nicklin pral vinn Direktè Open NY, Doktè James Hendler pral vin Konseye Open Data Eta a, epi Doktè Theresa Pardo pral vin Konseye Politik Open NY Eta a

“Eta New York klase nan premye pozisyon nan itilizasyon teknoloji ak inovasyon pou ouvri pòt goudenman, epi Andrew Nicklin, Doktè James Hendler, ak Doktè Theresa Pardo pral jwe wòl enpòtan nan kontinye ak efò nou yo pou ede Nouyòkè rete konekte plis ak goudenman yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen remèsye Andrew, Doktè Hendler ak Doktè Pardo dèske yo aksepte pòs sa yo nan goudenman eta a ak pou angajman san fay yo nan fè New York vin yon chanpyon nan piblikasyon enfòmasyon ak transparans.”

### **Andrew Nicklin, Direktè Open NY**

Andrew Nicklin pral travay kòm Direktè Open NY, kote responsablite li pral gen ladan ede agrandi sitwèb open data a, kolabore ak devlopè ak kominote rechèch atravè evenman Open Data, epi ede sipèvize konsepsyon yon sitwèb modèl pou minisipalite ka pataje enfòmasyon yo. Mesye Nicklin pral kowòdone ak Office of Information Technology Services pou yo evalye epi bay rekòmandasyon ki konsènen jesyon, konsepsyon ak strikti Open NY.

Mesye Nicklin te gen kòm dènye travay Direktè Rechèch ak Devlopman nan City of New York's Department of Information Technology and Telecommunications (DoITT). Li pote ak li de dizèn ane esperyans goudenman overal, pandan dènye 14 lane ki te pase ap dirije yon pakèt inisyativ teknoloji

City. Nan travay li nan DoITT, Mesye Nicklin te jere inisyativ goudenman ouvri Vil la, san bliye platfòm NYC OpenData, strateji angajman, ak travay kolaborasyon ak plizyè vil. Nan pòs sa, li te ede ak pasaj ak enplemantasyon Local Law 11 of 2012 ki mande pou tout seri enfòmasyon piblik kataloge epi pwogram pou poste sou Entènèt pou itilizasyon devlopè, chèchè, repòtè, anteprenè, ak piblik la. Nan kad egzekisyon Local Law 11 of 2012, Mesye Nicklin te ede konsevwa Manyèl Nòm Teknik ak Politik Open Data New York City (New York City's Open Data Policy and Technical Standards Manual), ki ede ajans Vil la bay enfòmasyon piblik yo nan fòm machin ka li epi entegre pi bon pratik nan jesyon enfòmasyon nòmal yo. Anvan travay li nan DoITT, Mesye Nicklin te Direktè Adjwen Teknoloji Enfòmasyon nan New York City Department of Parks and Recreation.

Barbara Cohn, Direktè Enfòmasyon NYS, te di konsa, "Se yon gwo nouvèl pou nou Andrew ap vini travay nan Open NY. Fòmasyon ak esperyans Andrew onivo lokal pral yon aktif estraòdinè pandan n ap kontinye vanse ak inisyativ New York State's Open Data".

John Kaehny, Direktè Egzekitif Reinvent Albany ak Ko-Prezidan NYC Transparency Working Group, te di konsa, "Nou bat gwo bravo lakontantman poutèt Gouvènè Cuomo te nonmen Andrew Nicklin pou dirije Open NY New York, inisyativ enfòmasyon tou louvri. Andrew se yon gwo vedèt nan sektè enfòmasyon tou louvri nasyonal la --- li se yon pansè inovatè ak teknolojis kalifye, epi prensipal gwoup transparans ak sitwayen yo respekte li anpil. Chwa Nickli an se yon lòt siy enpòtan Gouvènè Cuomo gen lentansyon fè Open NY vin prensipal inisyativ enfòmasyon tou louvri nan peyi a."

Dick Dadey, Direktè Egzekitif Citizens Union, te di konsa, "Bon jan dosye sèvis piblik ak reyalizasyon li kòm teknolojis sivik fè li se chwa ideyal pou dirije inisyativ Open NY Gouvènè Cuomo a. Nan New York City Department of Information Technology and Telecommunications, Nicklin te dirije travay ki pou fè inisyativ enfòmasyon tou ouvri Vil la vinn yon modèl pou lòt jiridiksyon, epi youn nan sa ki pi reyisi nan monn lan. Nou kontan anpil pou travay ak li pou nou kontinye gwo inovasyon onivo eta a."

Andrew Rasiej, Prezidan NY Tech Meetup ak Fondatè Personal Democracy Media, te di konsa, "Ak chwa Andrew Nicklin lan, Eta New York ap franchi yon etap enpòtan nan tabli tèt li kòm yon lidè nan mouvman Open Government an ki se youn nan fondman demokrasi 21yèm syèk la. Andrew gen esperyans ak espètiz nesèsè pou itilize nouvo zouti teknoloji pou vanse eta nou an soti nan syèk e-goudenman pou rantre nan pwomès We-Goudenman an."

### **Pwofesè James Hendler, Konseye Open Data Eta a**

Doktè James Hendler pral travay kòm Konseye Open Data pou Open.ny.gov. Nan kad angajman Gouvènè a pou vanse pèfòmans sektè piblik la ak transparans goudenman atravè teknoloji, Pwosèfè Hendler pral ede Eta New York grasa ranfòsman teknoloji enfòmasyon tou ouvri Eta a. Li pral ede Eta tou konstwi relasyon ak kominote devlopè yo, explore opòtinite ki genyen nan Big Data epi devlope laboratwa inovasyon nan Eta a.

Doktè James Hendler se Chèf Depatman Syans Enfòmasyon Rensselaer nan RPI, epi yo te anonse

Haitian Creole

nominasyon li lotre jou kòm Direktè nouvo Rensselaer Institute a pou Data Exploration and Applications (IDEA) yon nouvo inisyativ nan tout inivèsite pou vanse Open Data nan inivèsite rechèch teknoloji pi ansyen nasyon an. Rechèch li yo kouvri wobotik, entelijans atifisyèl (A.I.), kalkil sou baz ajan, tretman wot pèfòmans ak Big Data. L ap ede chanje jan yo anseye pwogramasyon enfòmasyon onivo nasyonal. Li se youn nan envantè “Wèb Semantik,” yon mouvman tèt ansanm ki ankouraje konvèsyon fòma miks enfòmasyon web aktyèl la nan yon “wèb enfòmasyon,” oubyen enfòmasyon ki parèt nan fòma enfòmasyon nòmal. Doktè Hendler te nonmen “Espè Sitwèb entènèt” pou pwojè Federal Data.gov a, epi te konseye ekip Data.gov lan. Li te ede kreye kominote “Semantic Web” ki afiche sou paj dakèy Data.gov la, epi ekip li a te dirije premye Data.gov “Mash-a-thon” lanyon evenman kote devlopè, pwogramatè, ak anplwaye gouvènman kap patisipe te konstwi nouvo mwayen pou entèprete enfòmasyon gouvènman. Doktè Hendler te konsiltan anvan sa pou Depatman Defans sou amelyorasyon pataj ak teknoloji enfòmasyon pou sistèm enfòmasyon gouvènman.

Kishor Bagul, Direktè Teknoloji Eta New York, te di konsa, “Pwofesè Hendler rekoni pou panse novatif ak stratejik li paske li ki gen rapò ak jwenn avantaj nan enfòmasyon. Gouvènman atravè lemond chèche konsèy li sou itilizasyon resous rich ki pa itilize sa – enfòmasyon – pou rezoud pwoblèm sosyal ak ekonomik epi founi nouvo sèvis enpòtan pou sitwayen yo. Pwofesè Hendler ak Andrew Nicklin pral ede Eta New York pouse inisyativ Open NY pi lwen. Grasa kreyasyon ekip espè sa, Gouvènè Cuomo kontinye montre angajman li nan fè Eta New York vin yon chanpyon nan enfòmasyon tou louvri ak itilizasyon kreyatif teknoloji nan benefis sitwayen. “

Jeanne Holm, Evanjelis pou pòtay enfòmasyon tou louvri gouvènman an, [Data.gov](https://www.data.gov), ak Achitèk alatèt Jesyon Konesans nan NASA's Jet Propulsion Laboratory, te di konsa, “Pwofesè Jim Hendler fè pati ekip [Data.gov](https://www.data.gov) a depi kreyasyon li. Li se yon espè rekoni nan enfòmasyon tou louvri, wèb semantik, ak teknoloji avanse pou mete pouvwa enfòmasyon tou louvri nan men devlopè ak gouvènman. Liidèchip eklere Doktè Hendler te pote nan [Data.gov](https://www.data.gov) lan pa te gen pri nan planifikasyon ak enplemantasyon nou. Antanke Konseye pou Open NY, li pral pote lidèchip eklere sa ak esperyans mondyal sa nan travay Eta New York pou kreye yon nouvo nòm nan fonksyonalite ak entèoperablite enfòmasyon tou louvri.”

### **Doktè Theresa Pardo, Konseye Politik Open NY Eta a**

Doktè Theresa Pardo pral travay kòm Konseye Politik Open NY pou [Open.ny.gov](https://www.open.ny.gov). Nan kad inisyativ Open NY Gouvènè a, Doktè Pardo ak anplwaye li nan Center for Technology in Government la pral ede Eta New York grasa ranfòsman politik ak pratik enfòmasyon tou louvri Eta a.

Doktè Theresa Pardo se Direktè Center for Technology in Government (CTG), nan University at Albany ak nan fakilte University's Rockefeller College of Public Affairs and Policy ak College of Computing and Information. CTG se yon lidè mondyal nan rechèch ak pratik gouvènman dijital, kap fè patenarya ak moun ak òganizasyon pou rezoud pwoblèm konplèks epi enfòmasyon strateji inovatif. Anba lidèchip li, Sant lan travay ak otorite gouvènmanal nan peyi Etazini ak tout kote nan mond lan pou devlope strateji, pwogram ak politik enfòmasyon tout louvri. Doktè Pardo rekoni kòm youn nan ekriyen pi pwodikatif eki pi site nan domèn li Li se yon ko-devlopè pwogram Jesyon ak Strateji Enfòmasyon Gouvènman Inivèsite

a, ki klase 3yèm nan rejyon an dapre U.S. News and World Reports, epi li se prezidan eli Digital Government Society, yon òganizasyon miltidisciplinè mondyal ki gen ladan entelekyèl ak pwofesyonèl ki enterese nan devlopman ak enpak gouvènman dijital. Li te resevwa plizyè rekompans pou travay li tankou pri meyè atik pou travay li pibliye ak Pri Ekselans nan Anseyman University at Albany an. Doktè Pardo konsantre rechèch li yo sou inovasyon teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon nan sektè piblik la tankou enfòmasyon gouvènman tou louvri, pataj enfòmasyon ak entegrasyon nan domèn tankou sante piblik, jistis penal, regleman mache finansye, pataj enfòmasyon rechèch, gouvènman tou louvri, ak entegrasyon sèvis eklre pou vil yo.

Nancy L. Zimpher, Rektè State University of New York, te di konsa, “SUNY pataje angajman Gouvènè a pou ouvèti ak transparans epi Doktè Theresa Pardo se yon moun dyam ki rantre nan ekip ‘Open NY’ la pandan inisyativ enpòtan sa ap vanse. Doktè Pardo se yon lidè ak yon inovatè nan domèn li, epi anba konsèy li Center for Technology in Government vin rekoni pou èd li bay gouvènman nan devlope politik pou pataj enfòmasyon pou ka maksimize avantaj pou piblik la. Li byen fòme pou nouvo defi sa onon moun eta a epi mwen felisite Gouvènè Cuomo pou chwa sa.”

Robert J. Freeman, Direktè Egzekitif Committee on Open Government, te di konsa, “Nominasyon espè rekoni onivo entènasyonal nan enfòmasyon tou louvri Gouvènè Cuomo fè nan pòs konseye nan Open NY pral kontinye mete Eta New York devan antanke yon eklerè nan ouvèti enfòmasyon gouvènman,” te deklare Robert Freeman, Direktè Egzekitif New York State Committee on Open Government. “Theresa Pardo, Direktè Center for Technology in Government, pwouve plizyè fwa li gen vizyon ak espètiz pou reyalize teknoloji gouvènman nan benefis gouvènman ak sitwayen nan lemonn antye.”

Mesye Nicklin, Pwofesè Hendler ak Doktè Pardo pral travay ak yon ekip pwofesyonèl dyanm nan teknoloji nan New York State Office of Information Technology Services (ITS) pou kontinye pibliye enfòmasyon piblik ki pral fasilite plis transparans, obligasyon pou rann kont ak efikasite operasyon gouvènman yo. Yo pral rapòte bay biwo Gouvènè a, nan tèt ansanm ak Barbara Cohn, Direktè Enfòmasyon eta a (CDO) ak prensipal konseye nan jesyon enfòmasyon pou Direktè Enfòmasyon (CIO) Brian Digman, ak Kishor Bagul, Direktè Teknoloji eta a (CTO), prensipal konseye teknoloji pou CIO a ak plis pase 20 lane esperyans nan toulede sektè prive ak piblik kòm yon espè teknik strateji. Ansanm, ekip sa pote espètiz ki nesèsè nan jesyon enfòmasyon, politik ak teknoloji enfòmasyon pou pèmèt Eta New York mennen nasyon an nan santralizasyon enfòmasyon gouvènman eta a pou pèmèt plis moun posib jwenn yo.

Depi lansman Open.ny.gov la, sitwèb la te pibliye plizyè milyon dosye onivo eta, lokal ak federal pou piblik la. Nan dat 23 janvyè 2013, eta a te lanse OpenBudget.ny.gov, yon nouvo sitwèb ki bay aksè ak transparans san parèy nan Bidjè a. Nan dat 11 mas 2013, eta a te lanse sit santral Open NY la, Open.ny.gov, epi Gouvènman an te siyen Dekrè Egzekitif 95 ki mande tout ajans yo patisipe nan Open NY. Nan dat 13 jen 2013, New York te vin premye eta nan nasyon an ki pibliye direktiv enfòmasyon tou louvri pwovizwa li yo epi ki chèche kòmantè piblik sou GitHub, yon platfòm tou louvri ki ofri yon pataj ak kolaborasyon lib. ITS anchaje striktirasyon piblikasyon enfòmasyon pou pèmèt mizajou pèmanan ak agrandisman pòtaj enfòmasyon tou louvri a, pou garanti piblikasyon dyanm ak regilye ki pral mennen

nan itilizasyon piblik enpòtan enfòmasyon yo. Pwogrè ap fèt epi sit la kontinye gen ladan nouvo seri enfòmasyon piblik la ap mande, tankou resèt ak enfòmasyon sou asistans skolè nan Division of the Budget (DOB), enfòmasyon sou entegrite piblik alawit skandal lotre jou nan Albany, ak plis pase 100 seri enfòmasyon, kat ak tablo itil anpil pou piblik la. Jodi a, gouvènman federal ak plis pase 48 ajans eta ak lokalite, tankou konte, vil, ti vil ak vilaj, ap fè patenarya ak eta a pou pataje enfòmasyon yo ak piblik la atravè sit nou an.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418